



Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Pa pè fè byen

Senyè a di nou lè nou kanpe ak lafwa sou wòch li, dout ak laperèz diminye; dezi pou fè byen ogmante.

Chè frè m ak sè m yo, mwen priye enbleman pou Lespri Senyè a avèk nou pandan m ap pale jodia. Kè m ranpli ak rekonesans pou Senyè a, ki se mèt Legliz sa a, pou enspirasyon nou te santi nan priyè fèvan, diskou enspire, ak chante anjèlik yo nan konferans sa a.

An Avril dènye, Prezidan Thomas S. Monson te bay yon mesaj ki te pwofondeman touche kè moun nan tout mond lan, enkli kè pa m. Li te pale de pouvwa Liv Mòmmon an. Li te priye nou pou n etidye, medite, ak aplike ansèyman l yo. Li te pwomèt si nou te pase yon ti tan chak jou ap etidye ak medite ak kenbe kòmandman Liv Mòmmon an genyen yo, nou t ap vin gen yon temwayaj enpòtan sou verasite li, epi temwayaj nou t ap resevwa konsènan Kris vivan an t ap ede nou andire nan moman twoub yo. (Gade “The Power of the Book of Mormon,” *Liahona*, Me 2017, 86–87.)

Tankou anpil nan nou, m te tande pawòl pwofèt la tankou sete vwa Senyè a ki t ap pale avè m. Epi, tankou anpil nan nou tou, m te decide obeyi pawòl sa yo. Depi m te yon jèn tigason, m te konn santi temwayaj ke Liv Mòmmon an se pawòl Bondye,

Papa a ak Pitit la te parèt epi yo te pale avèk Joseph Smith, epi Ansyen Apot te vin jwenn Pwofèt Joseph pou te retabli kle prètiz yo nan Legliz Senyè a.

Avèk temwayaj sa a, m te li Liv Mòmmon an chak jou pandan plis pase 50 tan. Konsa, petèt m te ka rezonabman panse ke pawòl Prezidan Monson yo sete pou yon lòt moun. Men, tankou anpil nan nou, m te santi ankourajman pwofèt la ak pwomès li a envite m pou te fè yon pi gwo efò. Anpil nan nou te fè sa m te fè a: priye avèk pi gwo entansyon, medite ekriti yo avèk plis entansite, epi eseye pi plis pou n sèvi Senyè a ak lòt moun pou li.

Bèl rezilta a pou mwen, ak pou anpil nan nou, sete sa pwofèt la te pwomèt la. Sila nan pami nou yo ki te koute konsèy enspire l la te tande Lespri a pi klè. Nou te jwenn yon pi gwo pouvwa pou n reziste anba tantasyon epi nou te santi pi gwo lafwa nan yon Jezikri resisite, nan levanjil li a, ak nan legliz vivan l lan.

Nan yon epòk ki gen si gwo boulvès nan mond lan, ogmantasyon sa yo nan temwayaj nou an ap chase krent ak laperèz epi yo pote santiman

lapè pou nou. Koute konsèy Prezidan Monson nan te fè de efè ekstraòdinè {nb}sou mwen: Premyèman, Lespri l te pwomèt la te pwodui yon santiman optimis sou sa k ap tann devan yo, menm pandan ajitasyon nan mond lan sanble l ap ogmante. Epi, dezyèmman, Senyè a bay mwenmenm—avèk ou—yon pi gwo santiman lanmou toujou pou moun ki nan detès. Nou te santi yon pi gwo dezi pou n al pote lòt moun sekou. Dezi sa a sete esans ministè ak ansèyman Prezidan Monson.

Senyè a te pwomèt Pwofèt Joseph Smith ak Oliver Cowdery lanmou pou lòt moun ak kouraj lè tach ki t ap tann yo a te sanble l depasan. Senyè a te di kouraj sa a yo te bezwen an t ap soti nan lafwa yo nan Li kòm wòk yo: Senyè a te di kouraj sa a yo te bezwen an t ap soti nan lafwa yo nan Li kòm wòk yo:

Pa pè fè byen, pitit gason m yo, paske nenpòt sa nou simen, se sa n ap rekòlte; se poutèt sa, si nou simen byen, n ap rekòlte byen tou kòm rekonpans.

Se poutèt sa, pa pè, ti twoupo; fè byen; kite tè ak lanfè mete ansanm kont nou, paske si nou bati sou wòch mwen an, yo pa kapab gen vikwa.

Gade, m pa kondane nou; ale fè wout nou epi pa fè peche ankò; akonpli travay m te kòmande nou an avèk lespri nou klè.

Gade sou mwen nan chak panse; pa doute, pa pè.

Gade blese ki te pèsè bò kòt mwen yo, epi tou gade mak klou yo nan men m yo ak pye m yo; rete fidèl, respektè kòmandman m yo, epi n ap eritye wayòm syèl la. (D&A 6:33–37).

Senyè a te di dirijan Retablistman yo, e Li di nou, lè nou kanpe ak lafwa sou wòch li, dout ak laperèz diminye; dezi pou n fè byen ogmante. Si nou aksepte envitasyon Prezidan Monson nan pou plante yon temwayaj Jezikri nan kè ò nou an, n ap jwenn pou-vwa, dezi, ak kouraj pou n al pote lòt moun sekou san sousye de pwòp bezwen pa nou.

Mwen wè lafwa ak kouraj sa a plizyè fwa lè Sen Dènnye Jou kwayan ap travèse eprèv terib. Paregzanp, m te nan Idaho lè baraj Teton an te kraze jou 5 Jen 1976 la. Yon mi dlo te desann. Dèmilye moun te kouri kite kay yo. Dè milye kay ak biznis te detwi. Mirakilezman, te gen mwens pase 15 moun ki te mouri.

Sa m te wè kote sa a, se sa m konn wè kèlkeswa lè Sen Dènnye Jou kanpe fèm sou wòch yon temwayaj konsènan Jezikri. Paske yo pa gen dout ke l ap veye sou yo, yo vin san krent. Yo inyore pwòp eprèv pa yo pou y al pote lòt moun sekou. Epi yo fè sa pa amou pou Senyè a, san mande rekonpans.

Paregzanp, lè Baraj Teton an te kase a, yon koup Sen Dènnye Jou te nan vwayaj, dè santèn kilomèt lwen lakay yo. Osito yo te tandè nouèl yo nan radyo, yo te kouri retounen Rexburg. Olye ke yo t al lakay yo pou yo te wè si l te detwi, yo t al chèche evèk yo a. Li te nan yon bilding yo te itilize kòm sant rekiperasyon. Li t ap ede dirije dè milye volontè ki t ap rive nan bis lekòl jòn yo.

Koup la te mache al jwenn evèk la epi yo te di: “Nou fè k retounen. Evèk, ki kote nou ka ede? Li te ba yo non yon fanmi. Koup sa a te rete ap retire labou ak dlo nan yon kay apre lòt. Yo te travay maten rive jis aswè pandan dè jou. Yo te finalman pran yon poz pou yo t al wè sa k te rive pwòp kay pa yo a. Li t ale nan inondasyon an, pa t gen anyen rete pou yo te netwaye. Konsa, yo te retounen vit kot evèk la ankò. Yo te mande: “Evèk, èske w gen yon moun pou nou ede?”

Mirak kouraj ak charite an silans sa a—amou pi Kris la—te repete plizyè

fwa atravè ane yo ak nan tout mond lan. Sa te rive nan jou terib pèsekisyon ak jijman nan epòk Pwofèt Joseph Smith la nan Missouri. Sa te rive lè Brigham Young te dirije egzòd la soti Novou epi rele Sen yo nan lye dezè yo toupatou nan Lwès Etazini, pou youn ede lòt kreye Siyon pou Senyè a.

Si w li sa k ekri nan jounal pyonye sa yo, w ap wè mirak lafwa ki chase dout ak laperèz. Epi w ap li konsènan Sen ki kite pwòp enterè yo dèyè pou ede yon lòt moun pou Senyè a, anvan yo retounen al jwenn pwòp twoupo pa yo oubyen pwòp jaden pa yo ki poko plante.

M te wè menm mirak sa a sa gen kèlke jou sèlman apre pasaj Siklòn Irma a nan Pòto Riko, Saint Thomas, ak an Florid, kote Sen Dènnye Jou yo te mete ansanm ak lòt legliz, gwoup kominote lokal, ak òganizasyon nasyonal pou yo te kòmanse fè netwayaj yo.

Tankou zanmi m yo nan Rexburg la, yon koup ki pa manm Legliz la nan Florid te konsantre l sou ede kominote a olye ke yo t al travay sou pwòp pwopriyete pa yo. Lè kèk vwazen ki se manm legliz la te ofri pou te ede yo avèk de gwo pyebwa ki te bloke antre lakay yo a, koup la te eksplike ke yo te depase epi yo te si angaje nan ede lòt moun, paske yo te gen lafwa ke Senyè a t ap bayo èd yo te bezwen an pou kay pa yo a. Epi mari a te di ke, anvan manm legliz nou yo te rive pou vin mande pou ede yo a, koup la t ap priye. Yo te resevwa yon repons ki te di èd ap vini. Èd la te rive tousuit apre asirans sa a. Yo te resevwa yon repons ki te di èd ap vini. Èd la te rive tousuit apre asirans sa a.

M te tandè yon rapò ki te di kèk moun te kòmanse rele Sen Dènnye Jou ki te gen mayo jòn Men Edan an sou yo “Zanj Jòn yo.” Yon Sen Dènnye Jou te mennen machin ni vini pou ede, epi mesye ki t ap ede l la te dekri “eksperans spirityèl” li te fè lè moun ki te abiye ak mayo jòn yo te retire pyebwa ki te tonbe nan lakou l yo

epi apres, li te di, yo “te chante yon kantik pou mwen ki te rele m se yon pitit Bondye.”

Yon lòt rezidan nan Florid—ki pa manm Legliz la tou—te rakonte ke Sen Dènnye Jou yo te vin lakay li pandan l t ap travay nan jaden l lan ki te devaste epi pandan l te santi l dekouraje, li te cho e l te prèske pou kriye. Nan pwòp mo pa li, volontè yo te kreye “yon vrè mirak.” Yo te sèvi non sèlman ak dilijans men avèk ri ak souri tou, epi, yo pa t aksepte anyen anretou.

Mwen te wè dilijans sa a e m te tandè ri sa yo lè, byen ta yon jou Samdi, m t al vizite yon gwoup Sen Dènnye Jou nan Florid. Volontè yo te stope travay netwayaj la pou yo te ka kite m ba yo lamèn. Yo te di te gen 90 manm nan pieu yo a nan Georgie ki te kreye yon plan pou te vin pote sekou an Florid egzaktman nan lavèy.

Yo te kite Georgie a 4:00 dimaten, yo te kondui pandan plizyè èdtan, yo te travay tout lajounen ak lannuit la, epi yo te planifye pou yo te travay ankò nan demen.

Yo te dekri m tout bagay sa yo avèk souri ak bòn imè. Sèl strès m te santi yo te genyen se paske yo te vle m sispann remèsye yo pou yo te ka retounen al travay. Prezidan pieu a te redemare si ameto li epi l t al travay pou koupe yon pyebwa epi yon evèk t ap deplase branch bwa pandan nou t al nan machin nou pou n t al vizite nan pwochen ekip sekou a.

Pi bonè nan jounen sa a, pandan nou t ap derape soti nan yon lòt sit, yon mesye te mache vin bò machin nan, lli te retire kepi li, epi l te remèsye nou pou volontè yo. Li te di: “Mwen pa manm Legliz nou an. M pa ka kwè sa n fè pou nou la a. Se pou Bondye beni nou.” Volontè SDJ abiye ak mayo jòn ki te kanpe bò kote l la te souri epi l te sekwe zepòl li, kòm si li pa t merite okenn lwanj.

Pandan volontè k te soti Georgie yo te vin ede mesye sa a ki pa ka kwè sa a, dè santèn Sen Dènnye Jou ki te soti nan pati ki te devaste nan

Florid yo te pati sou dè santèn kilomèt al nan sid pou yo t al nan yon lòt kote nan Florid la kote yo te tandè te gen moun siklòn nan te frape anpil.

Jou sa a, mwen te sonje, e m te pi byen konprann pawòl pwofesik Pwofèt Joseph Smith yo te di yo: “Yon moun ki ranpli ak lanmou Bondye pa dwe kontante l pou chèche benediksyon pou fanmi l sèlman, men se pou l mache nan tout mond lan, ap chèche fè byen pou tout kretyen vivan” (*Enseignements des présidents de l’Église: Joseph Smith* [2007], 426).

Nou wè lanmou sa a nan lavi Sen Dènje Jou yo toupatou. Chak fwa gen yon evenman trajik nenpòt kote nan mond lan, Sen Dènje Jou yo bay don epi yo pòte yo volontè nan travay imanité Legliz la. Yo pa menm bezwen yo rele yo. Anfèt, nan kèk okazyon, nou konn oblije mande moun ki vle al volontè yo pou yo ret tann anvan yo vwayaje al nan lye sekou yo jiskaske moun k ap dirije travay la pare pou resevwa yo.

Dezi sa a pou beni an se fwi yon pèp ki gen yon temwayaj konsènan Jezikri, konsènan levanjil Li a, Legliz retabli L la, ak pwofèt Li a. Se poutèt sa pèp Senyè a pa doute ni yo pa pè. Se poutèt sa misyonè yo volontè pou yo sèvi nan tout kwen nan mond lan. Se poutèt sa paran yo priye avèk pitit yo pou lòt moun. Se poutèt sa dirijan yo mande jèn yo pou yo koute demann Prezidan Monson nan pou yo plonje yo nan Liv Mòmmon an. Rekonpans lan vini non paske dirijan yo prese yo men paske jèn yo aji ak lafwa. Lafwa sa a, lè yo pouse l alaksyon—sa k mande sakrifis—pote chanjman nan kè ki pèmèt yo santi amou Bondye.

Men, kè nou ap rete chanje sèlman si nou kontinye suiv konsèy

pwofèt la. Si nou sispann eseye apre yon grenn ti efò, chanjman an aprale.

Sen Dènje Jou fidèl yo ogmante lafwa yo nan Senyè Jezikri, nan Liv Mòmmon an kòm pawòl Bondye, ak nan retablisman kle prèttriz yo nan vrè legliz li a. Temwayaj ogmante sa a ba nou pi plis kouraj ak sousi pou lòt pitit Bondye yo. Men difikilte ak opòtinite k ap tann yo pral mande nou plis pase sa.

Nou pa ka predi detay yo, men nou konn gran imaj la. Nou konnen, nan dènje jou yo, tout tè a pral nan gwo boulvès. Nou konnen, nan mitan kèlkeswa twoub ki vini, Senyè a ap dirije Sen Dènje Jou fidèl yo pou yo pote levanjil Jezikri a bay tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp. Epi nou konnen vrè disip Senyè a yo ap diy e prepare pou resevwa li lè l vini ankò. Nou pa bezwen pè.

Konsa, menmsi nou deja bati lafwa ak kouraj nan kè nou, Senyè a espere plis nan men nou—ak nan men jenerasyon apre nou yo. Yo pral bezwen pi solid ak pi brav paske yo pral gen pou yo fè bagay ki menm pi difisil ak pi rèd pase sa nou fè yo. Epi yo pral jwenn pi plis opozisyon nan men enmi nanm nou an.

Se Senyè a ki te bay fason pou nou jwenn optimis pandan n ap avanse a: “Gade sou mwen nan chak panse; pa doute, pa pè.” (D&A 6:36). Prezidan Monson te di nou kijan pou nou fè sa. Nou dwe medite sou Liv Mòmmon an ak pawòl pwofèt yo e aplike yo. Toujou priye. Kwè. Sèvi Senyè a ak tout kè nou, ak tout fòs nou, ak tout lespri nou. Nou dwe priye priye avèk tout enèji kè nou pou don charite a, amou pi Kris la (gade Mowoni 7:47–48). Epi, anwo tout bagay, nou

dwe konstan ak pèsistan nan suiv konsèy pwofèt yo.

Lè chemen an difisil, nou ka konte sou pwomès Senyè a—pwomès Prezidan Monson raple nou an, kote l toujou site pawòl sa yo Sovè a te di: “Epi nenpòt moun ki resevwa nou, m ap la tou, paske m prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè” (D&A 84:88).

Mwen temwaye ke Senyè a aprale devan nou lè se travay li n ap fè. Pafwa se noumenm ki pral zanj Senyè a voye pou pote lòt moun anlè. Pafwa se oumenm k ap antoure pa zanj k ap pote ou anlè. Men w ap toujou gen Lespri li nan kè w, jan ou pwomèt nan chak reyinyon sentsèn nan. Nou pwomèt pou n respekte kòmmandman l yo tou.

Gen pi bon jou ki dèyè pou wayòm Bondye a sou tè a. Lopozi-syon ap fòtifye lafwa nou nan Jezikri, jan sa te toujou ye depi nan tan Pwofèt Joseph Smith la. Lafwa toujou venk laperèz. Kanpe ansanm pote inite. Epi priye nou pou moun ki nan nesosite yo, gen yon Bondye eman ki tandè yo e ki reponn yo. Li pa janm kabicha ni li pa janm dòmi.

Mwen rann temwayaj ke Bondye Papa a vivan e li vle nou retounen al jwenn ni. Sa a se vrè Legliz Senyè Jezikri a. Li konnen nou; Li renmen nou; e L ap veye sou nou. Li te ekspye pou peche nou ak pa m ak peche tout pitit Papa nou ki nan Syèl la. Suiv li nan lavi nou ak nan sèvi lòt moun se sèl chemen ki mennen nan lavi etènèl.

Mwen temwaye konsènan sa e m kite benedikson m ak lanmou m pou nou. Nan non sakre Jezikri, amèn.



Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Twa Sè

Nou responsab pwòp eta disip nou, e sa pa gen anyen—anyen menm— pou wè avèk fason lòt moun trete nou.

Chè sè m yo, chè zanmi mwen, kòmansè konferans jeneral la avèk yon sesyon pou fi yo nan tout mond lan se yon bagay ki siyifikan e mayifik. Jis imajine: sè tout laj, tout orijin, tout nasyonalite, ak tout lang ki ini nan lafwa ak lanmou pou Senyè a, Jezikri.

Dènyèman, nou te rankontre pwofèt byeneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson, epi li te di nou konbyen li renmen Senyè a. E m konnen Prezidan Monson rekonesan anpil pou lanmou nou, priyè nou yo, ak devosyon nou pou Senyè a.

Sa gen lontan, nan yon peyi byen lwen, te gen yon fanmi ki te gen twa sè.

Premye sè a te **tris**. Tout bagay, soti nan nen l rive nan manton li, epi soti nan po l rive nan zòtèy li, pa t sanble yo te bon ase pou li. Lè l te pale, pawòl li te pafwa sonnen maladwatman, epi moun te konn ri. Lè yon moun te kritike l oubyen te “bliye” envite l nan yon bagay, li te vin tou wouj, li te deplase, epi l t al chèche jwenn yon andwa sekrè kote l te pouse yon soupi byen tris epi mande tèt li poukisa lavi a te si tris e monotòn konsa.

Dezyèm sè a te **fache**. Li te konsidere tèt li kòm yon moun trè entelijan, men te toujou gen yon lòt moun ki te fè pi gwo nòt pase l nan lekòl. Li te konsidere tèt li kòm yon moun amizan, jis, alamòd e enteresan. Men te toujou sanble gen yon moun ki te pi amizan, pi bèl, pi alamòd, oubyen pi enteresan pase l.

Li pa t janm premye nan anyen, e li pa t ka sipòte bagay sa a. Lavi a pa t sipoze konsa!

Pafwa li te konn lache sou lòt moun, epi li te toujou prèt pou l santi l endiye pa yon bagay oswa yon lòt.

Natirèlman, sa pa t rann ni pi senpatik ni popilè. Pafwa li te sere dan li, sere pwen li, epi l te panse: “Lavi a pa jis!”

Epi te gen twazyèm sè a. Epi te gen twazyèm sè a. Kontrèman ak sè tris ak sè fache l la, li te—**kontan**. E se pa t paske l te pi entelijan ni pi bèl ni pi kapab pase sè l yo. Non, pafwa moun te konn evite l oubyen inyore l tou. Yo te konn pafwa moke sa l te mete oubyen sa l t ap di. Pafwa yo te konn di bagay mechan sou li. Men li pa t kite anyen nan bagay sa yo deranje li.

Sè sa a te renmen chante. Li pa t gen bèl vwa, epi moun te konn ri

l pou sa, men sa pa t stope li. Li te konn di: “Mwen p ap kite opinyon lòt moun anpeche m chante!”

Lefèt menm ke l te kontinye ap chante a te fè premye sè l la tris epi dezyèm sè l la fache.

Ane te pase, epi finalman, chak sè sa yo te rive nan fen lavi yo sou tè a.

Premye sè a, ki te toujou ap dekouvri ke te gen anpil desepsyon nan lavi a, te finalman mouri *tris*.

Dezyèm nan, ki chak jou te konn jwenn yon nouvo bagay pou l pa t renmen, te mouri, *fache*.

Epi twazyèm sè a, ki te pase lavi l ap chante ak tout kè li ak yon souri konfyan sou figi li, te mouri *kontan*.

Natirèlman, lavi pa janm osi senp konsa, epi, moun pa janm osi senp ak enchanjab tankou twa sè yo nan istwa sa a. Men, menm egzanp ekstrèm tankou sa yo kapab anseye nou yon bagay osijè tèt nou. Si w menmjan ak pifò nan noumenm, ou ka rekonèt pati pa w la nan youn, de, oubyen petèt twa sè sa yo. Ann gade yo chak pi pre.

Viktim nan

Premye sè a te wè tèt li kòm yon viktim—kòm yon moun ki te sibi aksyon lòt moun.¹ Sete kòm si yon bagay oubyen yon lòt te toujou rive pou te rann ni mizerab. Ak apwòch sa a nan lavi, li te bay lòt moun kontwòl sou fason l te santi l ak konpòte l. Lè nou fè sa, nou kite chak grenn van opinyon pote nou ale—e, nan epòk kote medya sosyal toujou prezan sa a, van sa yo soufle tankou siklòn.

Chè m yo, poukisa pou n abandone bonè nou nan men yon moun, oubyen yon gwoup moun, ki pa

menm sousye de nou ni de bonè nou?

Si w twouve w ap sousye pou sa lòt moun ap di sou ou, kite m sigjere w remèd sa a: sonje kiyès ou ye. Sonje w soti nan mezon wayal wayòm Bondye a, pitit fi Paran Selès, ki reye sou tout inivè a.

Ou gen ADN espiyèl Bondye. Ou gen don unique ki soti nan kreyasyon spirityèl ou, ki te devlope pandan gwo entèval lavi premòtèl ou a. Ou se pitit Pè Selès mizerikò-dye ak etènèl nou an, Senyè Lame yo, Moun ki kreye inivè a, ki simaye zetwal k ap vire atravè tout etandi lespas la, epi ki plase planèt yo nan òbit respektif yo.

Ou nan menm li.

Trè bon men.

Men eman.

Men ki sousye.

Epi, pa gen anyen yon moun di sou ou ki kapab chanje sa. Pawòl yo san sans konpare ak sa Bondye di osijè oumenm.

Ou se pitit presye li.

Li renmen ou.

Menm lè w bite, menm lè w vire do ba li, Bondye renmen ou. Si w santi w pèdi, abandone, oubyen bliye—pa pè. Bon Bèje a ap jwenn ou. L ap leve w mete sou zepòl li. Epi l ap pote w retounen lakay.²

Chè sè m yo, tanpri, kite verite divin sa yo penetre byen fon nan kè nou. Epi n ap wè gen anpil rezon pou n pa tris, paske nou gen yon destine etènèl pou n akonpli.

Sovè byeneme mond lan te bay lavi l pou w te kapab chwazi pou w fè destine sa a vin yon reyalite. Ou te pran non l sou ou; ou se disip li. Epi, gras avèk li, ou ka abiye tèt ou ak rad laglwa etènèl.

Moun ki rayi a

Dezyèm sè a te fache kont tout mond lan. Tankou sè tris li a, li te santi tout pwoblèm lavi l yo te rive akòz yon lòt moun. Li te blame fanmi li, zanmi li, patwon li ak kòlèg li yo, lapolis, vwazen yo, dirijan Legliz yo, tandans lamòd aktyèl yo, entansite

fize solè yo, ak senp malchans. Epi li te lache sou yo tout.

Li pa t konsidere tèt li tankou yon move moun. Okontrè, li te santi ke l te sèlman ap defann tèt li. Li te kwè ke tout lòt moun te motive pa egoyis, meskinri ak rayiman. Limenm, yon lòt bò, te motive pa bon entansyon—jistis, entegrite, ak lanmou.

Malerezman, fason sè fache a te panse a se yon bagay ki trè komen. Yo te note sa nan yon etid resan ki te eksplòre konfli ant gwoup rival. Kòm pati etid la, anketè yo te entèvyouve Palestinyen ak Izreayelit nan Mwayen Oryan an, ak Repibliken ak Demokrat nan Etazini. Yo te dekouvri ke, “yo chak te panse ke gwoup pa yo a te motive pa lanmou plis pase rayiman, men lè yo te mande yo poukisa gwoup rival yo a te enplike nan konfli a, yo te di ke sete rayiman ki se faktè ki motive lòt gwoup la.”³

Otremadi, chak gwoup te konsidere tèt yo kòm “bon moun”—jis, janti, ak sensè. Men, yo te wè rival yo tankou “move moun”—ki te inyoran, malonèt, e menm mechan.

Nan ane m te fèt la, mond lan te plonje nan yon lagè terib ki te pote doulè atwòs ak soufrans ravajan nan mond lan. Lagè sa a te deklanche pa pwòp peyi mwen—pa yon gwoup moun ki te idantifye kèk lòt gwoup kòm mechan e ki te ankouraje moun rayi yo.

Yo te fèmen bouch moun yo pa t renmen yo. Yo te imilye yo e fè konnen yo sete dyab. Yo te konsidere yo enferyè—menm mwens pase èt imen. Lè w degrade yon gwoup moun, w ap toujou jistifye pawòl ak zak vyolans ou fè kont yo.

Mwen fremi lè m panse ak sa k te rive nan Almay 20tyèm syèk la.

Lè yon moun opoze oubyen pa dakò avèk nou, nou gen tandans asime ke dwe gen yon bagay ki pa mache nan yo. Epi, apati panse sa a, se trè fasil pou n jwenn pi move motif yo nan pawòl yo ak aksyon yo.

Natirèlman, nou dwe toujou defann sa k bon, e gen moman kote

nou dwe leve vwa nou pou koz sa a. Men, lè nou fè sa ak kòlè ak rayiman nan kè nou—lè nou atake lòt moun pou blese yo, pou imilye yo, oubyen pou fèmen bouch yo—li pwobab ke nou pa fè sa selon prensip lajistis yo.

Kisa Sovè a te anseye?

“Men, m di nou, renmen enmi nou, beni moun ki modi nou, fè byen ak moun ki rayi nou, e priye pou moun ki maltrete nou ak moun ki pèsekite nou;

“Pou nou kapab vin pitit Papa nou ki nan syèl la.”⁴

Sa se fason Sovè a. Se premye etap nan kraze baryè ki kreye si anpil kòlè, rayiman, divizyon, ak vyolans nan mond lan.

Nou gen dwa di “Wi, m ta byen dispoze pou renmen enmi m yo—si sèlman yo te dispoze pou fè menm bagay la tou.”

Men, se pa sa k konte, pa vre? Nou responsab pwòp eta disip nou, e sa pa gen anyen pou wè ak fason lòt moun trete nou. Evidaman nou espere ke y ap konpreyansif ak charitab anretou, men, lanmou nou pou yo pa depann de sa yo santi pou nou.

Petèt efò nou pou renmen enmi nou yo ap adousi kè yo e enfliyans yo an byen. Petèt non. Men, sa pa chanje angajman nou pran pou n suiv Jezikri a.

Konsa, antanke manm Legliz Jezikri a, n ap renmen enmi nou.

N ap simonte kòlè oswa rayiman.

N ap ranpli kè nou ak lanmou pou tout pitit Bondye.

N ap lonje lamèn pou beni lòt moun ak sèvi yo—menm moun ki “maltrete nou ak pèsekite nou.”⁵

Vrè disip la

Twazyèm sè a reprezante vrè disip Jezikri a. Li te fè yon bagay ki ka ekstrèmman difisil pou fèt—li te mete konfyans li nan Bondye menm anfas mokri ak soufrans. Anfèt, li te kenbe lafwa li ak esperans li, malgre mepri ak sinism ki te antoure l yo. Li te viv jwayezman, non pa paske sityasyon l te jwaye men paske li te yon moun jwaye.

Pa gen okenn nan nou ki travèse vwayaj lavi a san opozisyon. Ak sitèlman fòs k ap eseye rale nou deyò, kijan nou ka kenbe je nou fikse sou bonè gloriye yo pwomèt fidèl yo?

Mwen kwè nou ka jwenn repons la nan yon rèv yon pwofèt te fè, sa gen dè milye ane. Non pwofèt la se Leyi, epi rèv la ekri nan Liv Mòmmon presye ak mèveye nou an.

Nan rèv li a, Leyi te wè yon gwo teren byen laj, te gen yon gwo pyebwa sou li, ki te bèl depase deskripsyon. Li te wè anpil gwoup moun ki t ap mache al nan pyebwa a. Yo te anvi goute bèl fwi l yo. Yo te santi epi yo te konnen li t ap ba yo gwo bonè ak lapè etènèl.

Te gen yon chemen kwense ki te mennen nan pyebwa a, epi toutolon li te gen yon bafè ki te ede moun yo rete sou chemen an. Men te gen yon gouf tenèb tou ki te anpeche yo wè chemen an ak pyebwa a. Epi petèt, sa k te menm pi danjere, te gen son gwo ri ak mokri ki t ap soti nan yon gwo kay byen laj ki te tou pre a. Sa k te terib, sèke mokè yo te menm konvenk kèk moun ki te rive nan pyebwa a e ki te goute bèl fwi l yo e yo te kòmanse santi yo wont e yo te pèdi.⁶

Petèt yo te kòmanse doute ke fwi a te bèl jan yo te reyèlman panse l te ye a. Petèt yo te kòmanse kesyone reyalyte sa yo te fè eksperyans lan. Petèt yo te kòmanse kesyone reyalyte sa yo te fè eksperyans lan.

Petèt yo te panse ke si yo te vire al lwen pyebwa a, lavi a t ap pi fasil. Petèt ke moun pa t ap ridikilize yo, ni moke yo ankò. Petèt ke moun pa t ap ridikilize yo, ni moke yo ankò.

Anfèt, moun ki t ap pase yo nan betiz yo te sanble moun ki te gen kè kontan e ki t ap amize yo. Konsa, petèt, si yo ta abandone pyebwa a, yo t ap akeyi yo nan asanble ki te nan gwo kay byen laj la epi yo t ap aplodi yo pou bon jijman yo, entelijans yo ak rafinman yo. Konsa, petèt, si yo ta abandone pyebwa a, yo t ap akeyi yo nan asanble ki te nan gwo kay byen laj la epi yo t ap aplodi yo pou bon jijman yo, entelijans yo ak rafinman yo.

Rete sou chemen an

Chè sè m yo, chè zanmi mwen, si nou twouve l difisil pou n kenbe bafè a e mache fèm al nan sali; si ri ak mokri lòt moun ki sanble yo si konfyans yo fè nou ezite; si nou santi n twouble pa kesyon ki san repons oswa pwen doktrin nou poko konprann; si nou santi n tris akòz desepsyon, mwen egzòte nou pou n sonje rèv Leyi a.

Rete sou chemen an!

Pa janm lache bafè a—pawòl Bondye a!

Epi, lè nenpòt moun ap eseye fè nou wont paske nou patisipe nan lanmou Bondye, inyore yo.

Pa janm bliye, nou se pitit Bondye; gen anpil benediksyon ki sere pou nou; si nou ka aprann fè volonte li, n apral viv avèk li ankò!⁷

Pwomès elòj ak akseptasyon mond lan pa fyab, ni sensè, ni satisfèzan. Pwomès Bondye yo asire, yo vrè, epi yo bèl—kounyeya ak pou tout tan. Pwomès Bondye yo asire, yo vrè, epi yo bèl—kounyeya ak pou tout tan.

M envite nou pou n konsidere relijyon ak lafwa nan yon pèspektiv ki pi wo. Pa gen anyen yo ofri nan gwo kay laj la ki ka konpare avèk fwi ki genyen nan viv levanjil Jezikri a.

Anfèt, “bagay pèsonn pa janm wè, ni okenn moun pa janm tande, bagay okenn moun pa t janm mete nan tèt yo, se sa Bondye prepare pou moun ki renmen li.”⁸

Mwen aprann pou tèt pa m ke chemen disip nan levanjil Jezikri a se chemen ki mennen nan lajwa. Se chemen ki mennen nan sekirite ak lapè. Se chemen ki mennen nan laverite.

Mwen temwaye ke, atravè don ak pouvwa Sentespri a, nou ka aprann sa pou tèt pa nou.

Pandan tan sa a, si chemen an vin difisil pou ou, m espere w ap jwenn refij ak fòs nan bèl òganizasyon nou yo nan Legliz la—Primè, Jènfi, ak Sosyete Sekou. Yo se tankou pwen ravitayman sou chemen an, kote w ka renouvle konfyans ou ak lafwa ou pou vwayaj k ap tann ou an. Yo se yon fwaye plen sekirite, kote w ka santi ou

lakay ou e resevwa ankourajman nan men sè w yo ak disip parèy ou.

Sa w aprann nan Primè yo prepare w pou verite adisyonèl w ap aprann nan jènfi. Chemen disip ou mache nan klas Jènfi a mennen w vin byen entegre nan Sosyete Sekou. Ak chak etap sou chemen an, ou gen opòtinite adisyonèl pou demontre lanmou w pou lòt moun atravè zak lafwa konpasyon, charite, vèti, ak sèvis. Chemen disip ou mache nan klas Jènfi a mennen w vin byen entegre nan Sosyete Sekou. Ak chak etap sou chemen an, ou gen opòtinite adisyonèl pou demontre lanmou w pou lòt moun atravè zak lafwa konpasyon, charite, vèti, ak sèvis.

Chwazi chemen disip sa a ap mennen nan bonè ak akonplisman nati divin nou.

Li pap fasil. Sa ap mande pou n bay tout nou menm—tout entelijans nou, kreyativite nou, lafwa, entegrite, fòs, detèminasyon, ak lanmou nou. Men yon jou, nou va gade dèyè sou efò nou, epi, o, ala nou pral rekonesan dèske nou te rete solid, dèske nou te kwè, epi nou pa t kite chemen an.

Avanse

Gen dwa gen anpil bagay nan lavi a ki depase kontwòl nou. Men, alafen, nou gen pouvwa pou n chwazi destinasyon nou ak anpil nan eksperyans nou sou wout la. Se pa tèlman kapasite nou men chwa nou yo ki fè diferans nan lavi a.⁹

Nou pa ka kite sikonstans yo fè nou tris.

Nou pa ka kite yo fè nou fache.

Nou ka rejwi dèske nou se pitit fi Bondye. e. Nou ka jwenn lajwa ak bonè nan lagras Bondye ak nan lanmou Jezikri.

Nou ka kontan.

Mwen priye nou pou n ranpli kè nou ak rekonesans pou bonte abondan ak enfini Bondye. Sè byeneme m yo, nou ka fè sa! Mwen priye ak tout nanm mwen pou n ka fè chwa pou avanse al nan pyebwa lavi a. Mwen priye pou n chwazi leve vwa nou e fè

lavi nou vin yon senfoni louwanj gloriye, pandan nap rejwi nan sa lanmou Bondye ak mèvèy Legliz li ak levanjil Jezikri a kapab pote pou mond lan.

Kantik vrè disip la kapab sanble l gen move nòt oubyen menm yon ti jan twò fò pou kèk moun. Sa te konsa depi nan kòmansman tan yo. Sa te konsa depi nan kòmansman tan yo.

Men pou Papa nou ki nan Syèl la, ak pou moun ki renmen l ak onore li,

se chan ki pi presye ak pi bèl—chan siblim ak sanktifyan lanmou redanmtè ak sèvis pou Bondye ak pou pwochen nou.¹⁰

M ap kite nou avèk benediksyon mwen antanke Apot Senyè a, pou nou kapab jwenn fòs ak kouraj pou nou jwayezman efòse nou antanke pitit fi Bondye pandan n ap mache kontan chak jou sou chemen gloriye disip la. Nan non sakre Jezikri, amèn.

NÒT

1. Gade 2 Nefi 2:11, 16.
2. Gade Luke 15:4–6.
3. Boston College, “Study Finds Intractable Conflicts Stem from Misunderstanding of Motivation,” *ScienceDaily*, Nov. 4, 2014, sciencedaily.com.
4. Matye 5:44–45
5. Matye 5:44
6. Gade 1 Nefi 8.
7. Gade “Je suis enfant de Dieu,” *Children’s Songbook*, 2–3.
8. Gade 1 Korentyen 2:9
9. Gade “The Most Inspirational Book Quotes of All Time,” pegasuspublishers.com/blog.
10. Gade Alma 5:26